

A “Pakupedzisira kwamazuva ano”

- ❖ Shoko rokuti “mazuva anoteera” (kana kuti “mazuva okupedzisira”) rinowanzoreva nguva isingazivikanwi mune ramangwana (makore kana kuti mazana emakore kubva panguva ino) [Deuteronomio 4:30; Danieri2:28].
- ❖ Zvisinei, kutaura uku kunoshandiswa muna Mabasa 2:17, VaHebhuru 1:2, uye 1 Petro 1:20 kureva nguva yaPauro naPetro. Naizvozvo, “mazuva okupedzisira” akatanga pakuuya kwokutanga kwaJesu.
- ❖ Rufu rwaJesu rwakatara ramangwana renyika ino, kunyange zvazvo mugumo uchiri kuuya. Zvakatanga Baba pakuuya kwekutanga kwaJesu zvichapedziswa mukuuya Kwake kwechipiri.
 - Mumazuva okupedzisira: Jesu akamuka kubva kuvakafa → Tiri zvisikwa zvitsva → Humambo hwaMwari huri pakati pedu.
 - Panguva yekupedzisira: Tichamutswa kubva kuvakafa → Mwari achasika patsva → Humambo husingaperi huchavepo.

B “Wakataura kwatiri muMwanakomana Wake”

- ❖ Mwari akanga ataura achishandisa vaprofitu kwemakore 1 000, kubvira kuna Mozisi kusvikira kuna Maraki. Mushure mazvo,runyararo basi.
- ❖ Pashure pemakore anenge 400 okunyarara, Mwari akataura achishandisa Mwanakomana wake, Jesu Kristu.
- ❖ Shoko raMwari raigovanwa nevaporofita muTestamente Yekare rakazonyatsojeka. Jesu Kristu akazadzikisa zvipikirwa zvaMwari, uye zvipikirwa zvitsva zvakapiwa.

C “Chadzera chokubginya kwake”

- ❖ Jesu ndiye kupenya, chiedza chinobva pakubwinya kwoVumambo (Mwari Baba). Ndiye zvakare mufananidzo wemunhu Wake: “Wandiiona ini, wauona Baba.” (Johani 14:9).
- ❖ Kubwinya chii? Kazhinji, kubginya kwaMwari kunoratidzirwa apo Mwari anooneka nenzira yakafukidzwa. Kubwinya kwake nokuvapo Kwake zvinofambidzana (Ekisodho 16:10; 1Samueri 15:29; 2Makoronike. 5:14; Mapisarema 26:8; Izikiyeri 1:28).
- ❖ Isaya akataura izvi nezvebasa raJesu: “Kubginya kwaJehova kucaratidzwa” (Isaya 40:5). Mwari akaratidza Jesu seChiedza chenyika(Johani 1:18; Johani 17:26).

D “Wakaita nyika[...] unochengeta zvinhu zvose”

- ❖ Jesu anoratidzwa seMusiki uye Mutsigiri muna VaHebhuru 1:2-3. MuTestamente Yekare, Mwari akasumwa soMusiki bedzi noMutsigiri wenyika yose(Nehemiya 9:6).
- ❖ Naizvozvo, Jesu anopfuura “kupenya” kwaMwari. NdiMwari pachake. Mwari anokwanisa kusika, uye hapana chakasikwa (VaKorose 1:16) kana kuti chiripo (VaKorose 1:17) pasina Iye.
- ❖ Jesu haana kutsika chete asi anotitsigirawo. Kufema kwese, kurova kwemoyo kwese, uye nguva yese yekuvapo kwedu inowanikwa maAri, Jesu, nheyo yehuvepo kwese kwakasikwa.

E “Nhasi ndakakubereka”

- ❖ Jesu angave sei Musiki nechisikwa (akaberekwa) panguva imwe chete?
- ❖ VaHebhuru 7:3 inosimbisa kuti Jesu “asina-kutanga kwamazuva, kana kuguma kwoupenyu.” Anogara nekusingaperi, saka haana kusikwa.
- ❖ Akapiwa zita rokuti “mwanakomana” pashure pokunge aitwa somunhu (Ruka 1:32; Johani 1:14). Zvisinei, shoko rokuti “akaberekwa” harina kureva kuva munhu kwaJesu.
- ❖ Onesimo nevaKorinde vakaberekwa naPauro (Firimoni 1:10; 1VaKorinte 4:15). Nenzira imwecheteyo, Jesu akaberekwa kana “kugamuchirwa” naBaba seMwanakomana paakamutswa uye akagara kuruoko Rwake rworudyi (VaRoma 1:3-4). Nenzira iyi Jesu akazadzika basa Rake rouMesiya saMambo anobva kumbeu yaDhavhidhi (2 Samueri 7:12-14).